



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 8 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO AP ÒGANIZE DEZYÈM SOMÈ SOU DIVEN, BYÈ, BWASON AK SIDR NAN ETA NEW YORK

Nouvo Kanpay Pwomosyonèl ogmante angajman anvan e li pral konplemanje kontribisyon sektè prive a

Lejislasyon an devwale ankò kwasans endistri a ki anglobe refòm konpreyansif lisans bwason ki baze sou fèm nan istwa Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te òganize dezyèm somè Diven, byè, Bwason ak Sidr nan Eta New York, kote li te anonse ke Eta ta pral lanse yon angajman pwomosyonèl ak piblisite \$6 milyon dola pou ogmante pwofil pwodiktyèl bwason nan New York yo, yon ogmantasyon dramatik ki soti nan kanpay ki te lanse nan premye somè a nan ane 2012. Somè jodia pote sektè bwason an ki baze sou fèm ansanm avèk pwodiktyèl agrikòl yo ak ofisyèl nan gouvènman nan yon efò pou akselere ak pwolonje kwasans rapid ki prezante pa endistri bwason eta. Videyo TV-quality (h264, mp4) diskou gouvènè a sou somè jodia disponib [la](#), e ou kapab jwenn vèsyon odyo diskou Gouvènè a [la](#).

Daprè nouvo angajman piblisite ak pwomosyon ki te anonse pa Gouvènè a, Eta pral angaje \$2 milyon dola nan depans dirèk pou sipòte kwasans endistri a atravè \$1 milyon dola ki vize pou kanpay piblisite ak \$1 milyon dola nan finansman pou pwomosyon touris. Anplis, Devlopman Empire State (ESD) pral lanse yon sibvansyon \$2 milyon dola pwogram kap mache \$2 milyon dola nan kontribisyon endistri a pou piblisite ak pwomosyon diven, byè, bwason ak sidr ki pwodui nan Eta New York. Antite yo ki jije ki elijib pou finansman sibvansyon sa pral gen ladan òganizasyon a bi non likratif ki gen misyon ak objektif prensipal pou pwomote ak fè piblisite pou diven, byè, bwason ak sidr ki fèt nan Eta New York.

“Agrikilti ak touris gen potansyèl pou kwasans elve nan New York, e pandan ane ki sot pase yo nou te wè investisman nou yo nan endistri bwason ki baze sou fèm ap bay nouvo opòtinite pou pwopriyete ti biznis yo toupatou nan Eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwopozisyon ak aksyon ki te anonse jodia pral rann li pi fasil pase anvan pou kòmanse yon biznis bwason ki baze sou fèm, elve pwofil pwodiktyèl yo nan Eta, ak ouvè nouvo mache kote antreprenè nou yo kapab reyisi. Somè jodia se te sou kreye djòb ak estimile ekonomi an, e mwen gen konfyans ke lè nap travay ansanm patnè nou yo nan sektè prive a pral

kapab estimile ak fè konpetisyon nenpòt ki kote nan mond lan.”

Depi premye somè a, lejislasyon an te adopte e inisyativ te lanse pou ede endistri bwason an ouvè nouvo mache ak elaji vizibilite nan mond lan. Sa a an retou te ede kreye nouvo biznis kap pwospere, ogmante opòtinite agro-touris ak devlope travay nan chak rejyon nan eta. Depi premye trimès 2011 lan, aksyon eta ki sipòte pwodikè agrikòl yo te kontribye a yon kwasans 83 pousan nan lisans bwason ki baze sou fèm.

Ko-lidè Kowalisyon Majorite Sena Dean G. Skelos te deklare, “New York te òganize biznis ak pwodui ki mete eta nou an sou kat la tankou yon lidè nan bwason ki baze sou agrikilti, sa ki gen ladan brasri ak diven atizanal ki soti nan Finger Lakes a Long Island ansanm avèk ti izin distilri ak fabrikan sidr yo ki nan faz demaraj. Inisyativ Gouvènè Cuomo a ap pwopoze pou ranfòse endistri bwason nan Eta New York ki pral ede asire ke ti biznis yo kapab kontinye grandi. Non sèlman pwopozisyon sa yo ankouraje lespri biznis, men yo ede antrepriz yo reyisi ak rete la nan New York.”

Prezidan Asanble Sheldon Silver te deklare, “Agrikilti se youn nan avantaj konkiransyèl ki pi pwisan nan Eta New York ak yon blòk konstriksyon pou devlopman ekonomik lan. Diven nou an ki anplèn ekspansyon, byè, bwason ak endistri pwodiksyon sidr enpòtan anpil pou eta nou an ak ekonomi lokal yo, kreye travay ak opòtinite nan Hudson Valley nan bò rivaj Lake Erie. Majorite nan Asanble a enpasyon pou kontinye travay nou an avèk vinyeron, distilri, fèmye ak lòt moun ki gen enterè pou favorize davantaj kwasans endistri sa a ak pou ede fè pwodui New York sa yo vin pi bon pwodui nan mond lan.”

Aksyon ak efò anplis te antreprann pou sipòte kwasans kontinyèl endistri bwason an ki baze sou agrikilti detaye anba. Pou jwenn plis enfòmasyon sou somè diven, byè, bwason 2014 la, klike [la](#).

Nouvo Lwa ki Deziyen pou Devlope Endistri a

Gouvènè Cuomo te anonse jodia plan pou entwodui Lwa New York sou Atizana, yon seri refòm konpreyansif pou konsolide ak senplifye lisans manifakti distilri, ogmante limit pwodiksyon ak diminye frè lisans pou fabrikan atizana yo, elaji opòtinite piblisite, modènize lwa sou frè transpòtasyon, ak ogmante pwen de vant kote ti fabrikan atizanal yo kapab vann, sèvi, ak ofri echantiyon pwodui yo.

Anplis, Gouvènè Cuomo te anonse ke li pral mete anplas lejislasyon kap bay Depatman Agrikilti ak Mache yo stati otorite pou administrativman deziyen santye diven nan eta, akselere anplasman santye diven soti nan dezan pou apeprè kat a senk mwa.

Aksyon Ajans pou Sipòte Kwasans ak Klarifye Lwa Soti yo

Pandan semèn kap vini yo, Otorite Liquor Eta (SLA), Depatman Agrikilti ak Mache ak Depatman Taks ak Finans pral emèt avi ki ofri klarifikasyon sou lwa ak règleman ki te deja koze konfizyon nan endistri bwason an. Ajans sa yo pral egalman pran yon varyete aksyon ki pral ogmante kwasans adisyonèl nan endistri a.

Haitian Creole

Nan nòt, SLA pral elimine dokiman ki pa nesèsè ak klarifye nòm sou anrejistreman etikèt lavant bougingyon byè ak sidr; elimine bezwen pou etablisman fèm diven pou jwenn yon lyezon; redwi frè pou manifakti yo ak gwo sis avèk plizyè lisans ki pèmèt yo delivre tout pwodui yo nan yonsèl anbakasyon; ak bay oryantasyon a endistri a sou “nouvo lwa mache agrikòl” sou kimoun ki kapab jwenn lisans ak kisa ki elijib. SLA pral egalman ofri lisans brasri pwovizyon nan akselere dat kòmansman operasyon yo.

Depatman Agrikilti ak Mache yo pral bay soulajman finansye pou pwodiktè houblon nan egzante yon peman redevans pou yon lisans fabrikasyon manje ki nesèsè nan fason pou fòme pwodui yo anboulèt, ekonomize yo \$400 sou yon lisans dezan. Depatman pral egalman egzante sidr agrikòl yo pou jwenn yon lisans pou transfòmasyon manje, ki sanble a sa ki te fèt pou fèm diven ak brasri.

Depatman Finans ak Taks pral senplifye pwosesis pou klasman pou distilri agrilkòl nan etann posibilite pou fè deklarasyon chak ane, pase chak trimès, deklarasyon taks sou bwason alkolize. Anplis, Depatman pral pibliye oryantasyon aktyalize osijè degistasyon diven ki egzan de taks sou lavant.

Maketing Taste NY ak Opòtinite pou Touris

Yon pwogram maketing Taste NY ak mak nan magazen likè eta pral kreye pou maksimize ekspozisyon ak lavant. Pwogram lan pral gen ladan siyalizasyon Taste NY pou mete aksan sou mak diven ak bwason ki sou etajè nan New York ak ankouraje mèt magazen yo pou devlope prezantasyon pwodui yo nan mete an evidans gwo varyete mak New York yo.

Eta te egalman fikse yon objektif pou triple kantite restoran patisipan nan fyète angajman restoran NY yo. Restoran yo ki te patisipe nan pwogram sa a ap travay pou ogmante itilizasyon yo de pwodui New York pa dis pousan oswa plis, nan fason pou sipòte sous la, piblisite ak edikasyon pwodui ki fèt ak grandi nan Eta New York.

New York pral egalman baiti sou pwogram Gouvènè a I SKI NY Bus te anonse nan Defi Lake Placid Adirondack ak inisyè pwogram Taste NY bus pandan prentan, eta, ak mwa otòn yo pou ofri vizit ak aksè a vil New York pou diven ak bwason Eta santye nan Finger Lakes, Mid-Hudson, Long Island, Niagara Escarpment, ak rejyon Thousand Island yo.

Anplis de inisyativ ki anwo yo, opòtinite touris ki annaprè yo te devwale pandan somè jodia:

- Eta pral konstwi chalè pou lokasyon nan Sampson State Park pou sipòte santye diven touris nan Finger Lake. \$1.85 milyon dola nan finansman NY works pral konsakre pou konstriksyon 16 nouvo chalè pou lokasyon nan zòn riavaj nan lès Seneca Lake, sa ki dirèkteman sou santye diven Seneca ak nan pwoksimite santye diven Cayuga.

- Eta New York te double kantite aktivite Taste NY ki te òganize soti nan ane 2013 a 2014. Taste NY te kowòdone avèk endistri bwason an pou idantifye aktivite gwo enpòtans pou ekspozisyon ak lavant pwodui yo.
- Anbasadè Taste NY pral nome pou pwomote pwodui eta New York ak aktivite yo.
- Asosyasyon Race Kous Saratoga kous New York pral prezante bwason alkolize ak manje ki fèt nan New York nan jou spesifik yo.
- Premye fwa ofisyèl sou byè Eta pral lanse pandan aktivite 12 jou a nan fen ete sa a.
- Wine Cup tou Gouvènè a pral fèt ankò nan mwa out kap vini an.

One Stop Shop 2.0

Nan ane 2013 Gouvènè Cuomo te anonse lansman gichè inik ki deziyen pou bay pwodiktè diven, byè ak alkòl fò New York yon sèl pwen kontak avèk gouvènman an pou jwenn èd konsènan règleman, lisans, prim ankourajman eta a ak nenpòt lòt kesyon oswa pwoblèm endistri a genyen. Kòm yon rezilta somè jodia, acha nan gichè inik sa pral kounye a disponib nan opsyon finans eta a endistri bwason an ki baze sou fèm. Anplis, yon nouvo mache anliy pral lanse pou konekte agrikiltè yo a pwodiktè bwason, yon nouvo pwogram konsèy pou biznis pou endistri bwason atizanal pral lanse nan ESD, e eta pral jere seminè sou entènèt ki pral òganize sou yon varyete sijè ki gen rapò a endistri a.

Edikasyon ak Rechèch pou Pwodiktè

Eta New York pral lanse yon inisyativ rechèch sou lòj ak garanti yon spesyalis sou depistaj houblon pou bay asistans teknik sou jesyon entegre ensèk, ak etabli yon brasri atizanal ak yon gwoup travay pou endistri a pou asire kominikasyon ant gouvènman an ak endistri.

Soulajman pou Dezas

Kòm yon rezilta sou kòmantè yo ki soti bò kote lidè yo nan endistri a, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Agrikilti ak Mache yo pou travay avèk federal ak patnè yo nan endistri a pou sipòte rekouvremant endistri a nan domaj ki te rive nan plizyè repriz move tan. Sou direksyon Gouvènè a, Depatman an pral idantifye asistans teknik ak finansye ak ede pwodiktè yo konekte avèk filyè finansman ki disponib; investige limit domaj e, yo ta dwe pase lòd rapid kap pèmèt fèm diven yo achte rezen ki grandi andeyò Eta New York; epi inisyè yon dyalòg avèk Depatman Agrikilti Etazini sou kesyon asirans rekòlt pou rezen ak enstriman pou fabrike lòj ak houblon.

Komisyonè Agrikilti pa entèrim Eta Richard A. Ball te deklare, “Gouvènè Cuomo ak gouvènman eta te fè plis pou agrikilti New York pase nenpòt lòt administrasyon mwen te wè. Li enteresan pou genyen yon gouvènman eta ki non sèlman tande endistri a men aji nan pi bon enterè l. Lè endistri ak gouvènman an

ap travay ansanm, deplase nan menm direksyon nan menm ritm, gwo bagay kapab rive. Nap obsève sa kounye a nan endistri bwason New York ki baze sou fèm.”

Prezidan Devlopman Empire State, PDG & Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Depi apre premye somè sou bwason Eta, nou te mete sou pye plizyè inisyativ ki gen ladan yon nouvo kanpay piblisite pou pwomote lavant bwason ki fèt nan eta nan yon arè a gichè inik pou rasyonnalize pwosesis règlemantasyon an. Nap fè biznis nan Eta New York vin pi fasil ak fonksyonèl. Soti nan endistri diven ak rezen \$4.8 bilyon dola nou an pou rive a kwasans san parèy distilri, endistri bwason an ap pwospere e somè jodia plis solidifye pozisyon New York tankou yon lidè nan youn nan prensipal sant pwodiksyon bwason atizanal .”

Prezidan Liquor Authority Eta Dennis Rosen te deklare, “Somè Gouvènè a jodia te reyini ansanm fabrikan atizana, spesyalis nan endistri a, kiltivatè ak ofisyèl yo nan administrasyon an pou diskite sou pwoblèm yo ak eksplòre fason pou grandi ak pwomote biznis bwason ak atizana Eta. Pi enpòtan ankò, somè sa yo te kondwi nan aksyon, sa ki gen ladan refòm enpòtan sou règlemantasyon, chanjman nan lejislasyon ak règleman amikal sou biznis ki te kondwi nan kwasans fòmidad etablisman diven, brasri, distilri ak sidri pandan twazan ki sot pase yo.”

Depatman Transpòtasyon Komisyonè Joan McDonald te deklare, “Gouvènè Cuomo ap kreye travay ak stimile kwasans ekonomik pou alafwa gwo ak ti biznis. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Depatman Transpòtasyon Eta New York tap travay avèk biznis diven ak lòt biznis yo pou amelyore siyalizasyon sou otowout yo ak pi byen sipòte touris ak biznis lokal yo nan eta.”

Thruway Authority ak Canal Corporation Direktè Egzekitif Thomas J. Madison te deklare, “Anpil brasri, etablisman diven, sidr, ak distilri te kache jèm pou touris yo nan pati nò a kapab jwenn nan tout Thruway New York ak nan koridò kanal yo. Gouvènè Cuomo te kòrèkteman rekonèt valè biznis yo genyen non sèlman pwòp endistri yo, men pou ekonomi tout eta. Thruway Otorite ak Kanal Kòporayson ap rete tann pou ede touris yo vizite destinasyon sa yo, e vle raple tout moun keseswa pa bato oswa machin, tanpri aji kòm moun responsab epi deziyen yon chofè ki pa sou enfliyan.”

Pou jwenn plis enfòmasyon sou endistri byè, diven, bwason ak sid New York kap grandi, tanpri vizite <http://www.taste.ny.gov>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418